



Pou Piblikasyon Imedya: 04/04/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE LANSMAN “IF YOU CAN SEE IT YOU CAN BE IT”,  
YON JOUNEN POU TIFI YO KA WÈ KISA KI POSIB**

***Inisyativ la Gwoupe Tifi ki soti nan Kominote a Revni Fèb yo ak nan Sistèm  
Fanmi Dakèy yo ak Lidè ki nan Gouvènman ak Biznis yo Jou 26 Avril la***

***Konpayi ki Enterese Patisipe yo ka Enskri sou [Sitwèb](#)  
“If You Can See It You Can Be It” avan 15 Avril***

***Videyo ki Anonse Lansman Jounen pou Tifi yo Disponib [Isit la](#)***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse lansman “If You Can See It You Can Be It” (Si W Ka Wè Li Ou Ka Vin Tounen Li) - ki se yon jounen pou tifi yo ka wè kisa ki posib. Jou 26 Avril 2018 la, Eta New York la pral fè patenarya ak konpayi toupatou atravè eta a yo pou montre tifi ki soti nan kominote a revni fèb yo ak nan sistèm fanmi dakèy yo ki wòl ki disponib pou tifi yo andeyò pakou karyè "tradisyonèl" yo, ak pi patikilyèman lidèchip fanm ki nan pòs direksyon yo, pou yon jounen aktivite mantora ak aprantisaj sou karyè yo. Inisyativ la fè pati Ajanda Fanm 2018 (2018 Women's Agenda) Gouvènè Cuomo gen pou New York la: Dwa egal ego, opòtinite egal ego (Equal Rights, Equal Opportunity).

“Filozofi New York se si w travay di, ou ka vin nenpòt sa w vle ye”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Avèk politik lidè nan nasyon nou an k ap ekilibre tèren jwèt la epi kreye opòtinite pou tout moun, nou pral kontinye sòlve bawo a pi wo ak pi wo ankò pou fanm nan New York yo epi montre tifi yo ke yo ka fè nenpòt sa yo mete nan tèt yo.”

Marian Wright Edelman, ki se lidè dwa sivil ki selèb epi ki se fondatris Fon Defans pou Timoun (Children's Defense Fund) ki te pwoklame famezman, “Li difisil pou ou se sa ke ou pa kapab wè”. Pou ajoute sou eritaj 25 an Jounen pou Al nan Travay ak Pitit Fi ak Pitit Gason Nou yo (Take Our Daughters and Sons to Work Day), inisyativ Gouvènè a pral montre tifi yo yon bann seri opòtinite ki disponib pou yo soti nan òganizasyon lasyans ak teknoloji yo pase nan sektè konstriksyon ak nan gouvènman an rive nan jounalis ak piblisite.

**Gouvènè Adjwen Kathy Hochul, ki se Prezidan Komisyon Dwa Vòt Fanm (Women's Suffrage Commission) Eta New York yo, te di,** “Nou bezwen fè jèn tifi nan kominote defavorize New York yo konnen opòtinite san limit ki disponib pou yo

reyisi nan lavi yo. Inisyativ 'If You Can See It You Can Be It' a pral gwoupe tifi yo ak lidè nan New York yo pou ekspoze a kisa ki posib nan divès milye travay epi ankouaje yo reyalize rèv yo. Mwen atann pou nou travay an ekip ak yon jèn fanm ki pral wè ak pwòp je li yon jounen nan lavi yon fonksyonè Eta a ki gen yon pwogramasyon enèjetik”.

**Melissa DeRosa, Sekretè Gouvènè an e Prezidan Konsèy Eta New York sou Fanm ak Ti Fi (New York State Council on Women and Girls), di konsa, “Yon objektif kle pou Konsèy sou Fanm ak Tifi yo se satisfè bezwen pwochèn jenerasyon fanm New York yo. Avèk tout premye jounen 'If You Can See It You Can Be It', nou aspire pou nou satisfè objektif sa a lè nou ofri yo opòtinite pou yo viv yon jounen nan lavi fanm k ap travay nan yon bann seri djòb ak karyè divès. Pou rapwoche eka nan sèks ak salè ki gen nan tout domèn yo, tifi yo dwe aprann konnen potansyèl pakou karyè yo genyen depi lè yon trè jèn. Mwen kontan anpil paske anpil konpayi ak biznis ap patisipe nan pwogram inogiral nou an”.**

Konpayi sa yo deja solidifye angajman yo pran pou yo ouvri pòt yo pou tifi ki nan sistèm fanmi dakèy ak kominote a revni fèb New York yo:

- AT&T
- CA Technologies
- Emblem Health
- Etsy
- Gilbane Building Company
- Mastercard
- Oath
- Turner Construction Company
- Warby Parker

Pou ekspoze opòtinite ki disponib pou tifi yo nan gouvènman an, Gouvènè Adjwen Kathy Hochul, ak Komisè ki soti nan kabinè Gouvènè a yo pral kite tifi yo swiv yo pandan Jounen “See It Be It” (Wè li Vin Tounen Li) a. Anplis de sa a, Ajans Eta sa yo te solidifye angajman yo pran pou yo fè jèn tifi yo swiv yon lidè fanm nan gouvènman an:

- Depatman Sèvis Sivil (Department of Civil Service)
- Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC)
- Depatman Travay (Department of Labor)
- Depatman Veyikil Motorize a (Department of Motor Vehicles, DMV)
- Depatman Leta (Department of State)
- Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES)
- Otorite Dòtwa Eta New York la (Dormitory Authority of the State of New York)
- Kòporasyon Etablisman Anviwonmantal la (Environmental Facilities Corporation)
- Kòporasyon Sèvis Ansèyman Siperyè a (Higher Education Services Corporation)

- Renouvèlman Lojman ak Kominote Eta New York la (Housing and Community Renewal)
- Otorite Transpò Metwopoliten an (Metro Transportation Authority, MTA)
- Otorite Devlopman Enèji ak Rechèch Eta New York la (New York State Energy and Research Development Authority)
- Biwo Sèvis pou Alkolis ak Toksikomani an (Office of Alcoholism and Substance Abuse Services)
- Biwo pou Sèvis Jeneral yo (Office of General Services)
- Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health);
- Lapolis Eta New York (New York State Police)

**Karen Igagni, ki se Prezidan ak PDG EmblemHealth, ak Manm Komite Pilotaj pou Konsèy sou Fanm ak Tifi Gouvènè a, te deklare,** “EmblemHealth fyè pou nou patisipe nan Inisyativ Jounen pou Tifi Gouvènè a. Nou atann pou nou akeyi yon gwoup jèn fi konpetan, pou nou entwodwi yo a lidè fanm akonpli divès nou yo epi bay yon kout men nan devlopman karyè yo”.

**Marissa Shorestein, ki se Prezidan, AT&T pou Rejyon Nòdès la, te deklare.** “Montre tifi yo opòtinite ki disponib pou yo nan mendèv la ka responsabilize yo pou yo reyalize potansyèl maksimòm yo. Fanm ki soti nan tout endistri ak kominote yo te wè ak viv efè inegalite pami sèks yo - epi sa alimante angajman nou pran pou nou elve fanm ak tifi yo. AT&T fyè pou l sipòte inisyativ ‘If You Can See It You Can Be It’ a, epi nou atann pou nou ede pwochè lidè fanm nou yo pou yo kiltive pasyon yo”.

**Susan Warner, ki se Vis Prezidan Prensipal pou Kominikasyon Entèn pou Mastercard, te deklare,** “Mastercard fyè pou l fè patenarya ak Gouvènè Andrew Cuomo ak Eta New York la nan kad kanpay ‘If You Can See It You Can Be It’. Pandan senk ane ki sot pase yo, nou te atenn plis pase 40,000 tifi nan 21 peyi nan kad pwogram Girls4Tech nou an, epi nou kontan anpil pou nou akeyi 145èm pwogram nou an nan Sant Teknoloji Vil New York la (New York City Tech Hub) 26 Avril nan kad kanpay sa a pou montre tifi yo ke li enpòtan pou gen tout sòt konpetans pou pouswiv yon karyè nan Lasyans, Teknoloji, Jeni ak Matematik (Science, Technology, Engineering and Mathematics, STEM)”.

**Erica Christensen, ki se Vis Prezidan, Responsabilite Sosyal Antrepriz nan CA Technologies a, te deklare,** “Nou kontan anpil pou nou patisipe nan inisyativ ‘If You Can See It You Can Be It’ Gouvènè Cuomo a, k ap ankouraje tifi yo pou yo konsidere opòtinite edikasyonèl ak karyè nan domèn STEM yo. CA Technologies pran angajman pou yo pwomouvwa divèsite pami sèks yo ak anvè avansman fanm nan sektè teknoloji a. Sa se yon investisman alontèm konpayi nou an ap fè - nou devwe pou nou sipòte pwochè jenerasyon lidè nan teknoloji enfòmasyon (IT) yo epi ede konble eka ki gen nan konpetans STEM yo”.

**Brennan Gilbane Koch, ki se Manm Fanmi 5èm Jenerasyon Gilbane Building Company an, te deklare,** “Nan Gilbane, nou te wè enpak pozitif yon mendèv divèsifye ak fanm ki nan pòs lidè yo genyen. Se poutèt sa a nou ap konsantre sou efò pou nou kontinye elve referans nan rekritman ak pwomosyon fanm yo atravè ran yo. Piske avni an repoze sou fanm, nou kontan anpil pou nou rejwenn Gouvènè a nan efò

I ap fè pou ankouraje jèn fanm ak tifi yo pou yo konsidere endistri nou an ak opòtinite ki akonpaye l yo”.

**Lauren Tsuchuya, ki se Direktè Kominote ak Sitwayènte nan Turner Construction Company, te deklare,** “Turner kwè ke responsabilize jèn fanm yo se youn nan meyè investisman pou devlope talan, inovasyon, ak avni endistri konstriksyon an”.

Aplike [isit la](#) avan 15 Avril pou konpayi ou a ka akeyi tifi k ap soti toupatou atravè eta a yo pou yo vin aprann sou bann seri opòtinite ki disponib pou yo. Yon fwa konpayi a ranpli [fòmilè sa a](#), biwo Gouvènè a pral travay pou l konekte konpayi a ak tifi ki nan lekòl elemantè, primè, oswa segondè ki nan rejyon an yo. Si konpayi a deja gen yon relasyon ak gwoup lekòl la, yo ka travay dirèkteman ak gwoup la tou. Si w gen nenpòt lòt kesyon adisyonèl, imèl yo nan [Valery.Galasso@exec.ny.gov](mailto:Valery.Galasso@exec.ny.gov).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)